Ассаламу гӀалайкум!

# Ахихъан

№ 23 (7267)
2017 сон 12 Май
узман
sadovoduns@yandex.ru
Багьа 7 гъурущ

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

КӀудияб Бергьенлъиялъ - 72 сон

## Умумал ракӀалде щвеялъул асаралда





9 маялда радалидаса нахъего районалда унеб букӀана «Хвел гьечӀеб полкалъул» шаствие. Гьеб лъугӀана райадминистрациялъул майданалда. СагӀат І0 ялда байбихьана КӀудияб Бергьенлъиялъ 72 сон тӀубаялде буссараб рохалилаб митинг. Шествиялъул гӀахьалчагӀилъунин абуни рукӀана киналго районалъул школазул тӀаса рищарал цӀалдохъаби, ясли-ахазул гьитӀичал, мед. хӀалтӀухъаби, батӀи-батӀиял махщалил гӀадамал.

Митингалда баркиялъул кӀалъай гьабуна «Унсоколо район» МОялъул бетӀер ГӀ. НурмухӀамадовас. Жиндирго кӀалъаялда гьес абуна: «Нилъер районалдаса рагъде ана 900 ялдаса цӀикӀкӀун чи, тӀад руссана 4І0 чи, даимгоялъе рагъул майданалда хутӀана 490 чи. Кидаго ракӀалдаса инаро гьел нилъеда! РакӀ-ракӀалъ чӀухӀула бахӀарчиял умумаздаса. ХӀаракат бахъила гьезда релъараллъун рукӀине»!

Гьединго баркиялъул каламгун кӀалъана районалъул рагъулав комиссар Ш. МухӀамадов, гӀолилазда гьоркьоб хӀалтӀи гьабиялъул отделалъул нач. А. МухӀастанов, захӀматалъул ветеран К. Кондратенко ва цогидалги. РуцӀцӀун чӀеялъул минута лъазабун хӀурмат гьабуна ВатӀаналъе, халкъалъе гӀоло гӀумро къуразул. Хадуб рагъда хваразул хӀурмат гьабун обелискалда цере лъуна тӀугьдузул венокал, кьуна салют.

Рохалилаб митинг лъугӀун хадуб букӀана праздникалъулаб концерт. Гьенир гӀахьаллъана фольклорияб ансамбль «Унцукуль», лъималазул хореографическияб ансамбль «Счастье гор», ясли-ахазул гьитӀичал, цӀалдохъаби, культураялъул хӀалтӀухъаби.

Тадбир лъугӀана районалъул гимн киназго цадахъ ахӀиялдалъун. Гьединго администрациялъул азбаралъуб гьабун букӀана полевияб кухня.

Бергьенлъиялъул къоялъул хӀурматалда районалъул росабалъги унел рукӀана «Бессмертнияб полкалъул» шествиял, митингал, классалъул сагӀтал, ветераназде тӀаде щвей, щибал рагъул магӀнаялъул памятниказда цере тӀугьдул лъей.

# Экологиялъул цӀех-рехал унел руго



Рукъ балаго нилъеца щулияб кьучӀ гьабула. КьучӀ лъезе ккани лъазе ккола ракьалъул хасият, сверухълъиялда бугеб бакӀ, тӀабигӀат. Гьединаб лъазаби гьабуна І0 маялда Шамилхъалаялъул актовияб залалда районалъул нухмалъиялъулгун букӀараб дандчӀваялда Россиялъул экологиялъул академиялъул академик, биологиял гӀелмабазул доктор, профессор Гъ. ГӀабдурахӀмановас. Гьев районалде вачӀун вукӀана ДГУялъул экологиялъул факультеталъул преподавателалгун ва студенталгун щибаб росдал экологиябгун экономикияб анализ гьабизе. Гьединабго хӀалтӀи республикаялда гьабун буго Дахадаев ва Кизилюрт районазда. Гьабизе буго Унсоколо районалдаги. Гьелъул хӀасилазда хурхун бахъизе буго анализазул хӀасилал рихьизарураб тӀехь.

Преподавателалги студенталги дандчӀвана районалъул бетӀер ГӀ. НурмухӀамадовгун. ГӀахьаллъана гьесул замал, росабазул бутӀрул, учреждениял организациязул нухмалъулел, школазул директорал.

ГӀиса НурмухӀамадовас саламалъулаб кӀалъай гьабуна ва гьенибго бихьизабуна цӀех-рехазул районалъе кӀудияб кӀвар бугин. «Гьел анализазул мурад буго районалъул экологиялъулгун экономикияб цебетӀеялъе. Нилъ рохарал руго ахир-къадги нилъер ракь, тӀабигӀат лъазабулеб букӀиналдаса. Бергьенлъаби гьарула, нужее, гьеб ишалъулъ!»,-ян бихьизабуна бетӀерас.

Гъ. ГӀабдурахӀмановас бицана тӀобитӀизе бугин школлъималазул ва учительзабазул анкетированиеги гьабун ракьазул, лъел иццазул, ракьул хӀалтӀул, лъазабизе бугин хӀайваназул ва бижулебщиналъул ахӀвал-хӀал. «ХӀинкъизе кколаро нижер



цӀех-рехаздаса, нижее хӀажалъизе бегьула гӀадамазул ботӀрол рас, гьелда гьорлъ бугеб бакӀал металал лъазе. Гьелъ щивго хӀинкъизе кколаро. Ниж хӀалтӀулел руго нужер интересазе гӀоло. Пайдаги букӀине буго нужееги нижееги. Хъвазе буго гӀемерал интересал жал жанире рачараб тӀехь. Лъаялъул рахъалъ абуни, гьелдаса кӀвар бугеб жо щибго гьечӀо. Нижеца хал гьабила лъай ва тарбия кьеялъул ахӀвал-хӀалалъулги. Гьедин рагӀа-ракьанде щвараб анализ кибниги Россиялда гьабичӀо. Нужеда тӀадаб буго нижее кумек гьабизе, нижедаги тӀадаб буго щивасе кумек гьабизе».

ДандчӀваялдаса хадуб студенталгун преподавателал ана росабалъе. ХӀалтӀаби ине руго І3 маялде щвезегӀан.

**Ахихъан**
*Районалъул газета*
*№23 (7267)*
*12 Май 2017*
*Рузман*

*2 гъумер*

КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчагIи ракIалде щвезариялъе «Ак-Гель» паркалда чанго къоялъ тIобитIана экологиялъулаб акция. Жиндирго ЧIарада, Ленинский ва МахIачхъалаялъул коллегабигун цадахъ гъениб гIахьаллъи гъабуна нилъер районалъул бетIер Г. НурмухIамадовасги. Акция гIуцIун букIана «Долина роз» компаниялъ.



# РачIа, нижехъе!

Социалияб рахъалъ гIадамазе хъулухъ гьабиялъе районалда буго хасаб идара (КЦСОН). Гьеб рагьана 1996 соналда. Гьелдаса нахъе ана 20 ялдаса цIикIкIун сон. Гьениб хIалтIулеб буго ункъго батIи-батIияб гIуцIи. Буго къад гIадамазе хъулухъ гьабиялъул хасаб гIуцIиги (дневное отделение). Аслияб къагIидаялъ гьенире къабул гьарула пенсиялъул ригьалда ругел, отделениялде рачIун бажарулел гIадамал. Гьезие чIезарун руго гIемер батIи-батIияй шартIал. Масала, гьенир бегьула телевизоралъухъ балагьизе, шашкаби, шахматал хIазе,




компьютералда ругьунлъизе, жидерго сахлъи цIунизе, спорталдехун гьетIи бугел (руго хасал тренажерал) гьединго газетал, журналал цIализе бокьаралги.

Праздниказда хурхун гьенир гьарула гIодорчIеял, ахIула мавлидал, зияратазде уна, хIухьбахъиялъе ГIашилтIа рохьоре уна. Гьединго йиго сахлъи цIуниялда тIад хIалтIулей хIалтIухъан. Давление борцине, укол гьабизе, массаж гьабизе бокьани гьединги рачIине бегьула нижехъе. РачIине бегьула нужерго ахIвал-хIал бицун, пикраби загьир гьаризе бокьаралги. Нижеца хIаракат бахъула рачIунезул халги гьабун, гьезул мурадалги кьочIое росун, данде кколеб куцалъ хIалтIи гIуцIизе. ГIадамазул жигарчилъиялъ, узухъда нижерги хIалтIудехун дагьабги гьира базабула.

Гьеб гIуцIи гIицIго Унсоколо росдал пенсионеразе гIуцIун бугониги нижеда кIола районалъул цогидал росабалъги гIадамал къабул гьаризе. ХIажат буго цоцада ричIчIун, цого мурадалъе пенсиялде анин рокъор чIечIого, жидеего пайдаялъеги, гIун бачIунеб гIел тарбия кьун куцаялъеги бажарараб кумекги гьабун хIалтIи цебехун бачине.

Аллагьас къуват кьеги нилъее лъикIабщинаб гьабизеги, квешаб тезеги!

**КЦСОН**

## Унеб буго подписка

ХIурматиял газета цIалулел!

Унеб буго 2017 соналъул кIиабилеб бащдаб лъагIалие Россиялъул, Дагъистаналъул ва районалъул печатниял изданиязе подписка гьаби. Гьеб гьабулеб буго районалъул «Ахихъан» газеталъеги.

Почтампталдасан бащдаб лъагIалие гьелъул багьа ккола 193 гъур., лъагIалиего 386 гъур. Редакциялдасан лъагIалиего подписка гьабула 100 гъурущалде.

ПедегIил гьабе, хъвай нужедехун бищунго гIагараб «Ахихъан» газета!

«Ахихъаналъул» редколлегиялъ кIудияб хьул гьабулеб буго росабазул бутIрузде, учреждениялорганизациязул нухмалъулезде, бащдаб лъагIалие подписка гьабиялъулъ жигараб бутIа лъелилан.

АхIулгохIда рагъ лъугIаралдаса - 180 сон

МухIамад ХIАМЗАЕВ

# Имамасул хIакъалъулъ биценал



Цо хасалил сардилъ лъарагI шамхаласул вас Абулмуслим гендерил росу рагIалда рештIана ва имам Шамил дандчIваялде ахIана. Имамас гьелдаса инкар гьабуна. Гендерил гIадамаз ун лъикIилан абуниги, Шамил разилъуларого вукIана. Цинги цо муъминчияс абуна: гьезда мун хIинкъун вугилан кколеб бугилан. Гьеб мехалъ тIад букIараб ретIелцин хисичIого, шамхал рештIараб бакIалде ана имам. Щиб кканиги рукIине жалги цадахъ рилълъинилан росуцоял лъугьиндал, имамас абуна цадахъ нуж рилълъунел руго-ни, жив гьезухъе унарилан.

Шамхаласул васги, гьесул цересел гIадамалги, хъулухъчагIиги ма лъун, нусгогIан чи вукIана гьенив. Кодоб ярагъги гьечIого, Шамил живго вачIиндал, Абулмуслим гIажаиблъи гьабун тIаде вахъана. Шамилица гьев гIодов чIезабун ва живго гьесда аскIов гIодов чIана. Шамхаласул васас имамасда абуна жиндир инсуе гьевгун дандчIвазеги, жиндирго валияталда шаригIат лъезеги бокьун бугилан. «ЛъикI буго,-ян абуна имамас, -дун гьелда божизе ккани, нужеца лъимаде йигей шамхаласул чIужу гьоркьлъалие ТIелекьа КъебедмухIамадихъе кьезе ккола, цинги дун гьесухъе вачIине вуго. Нужеца дие хиянат гьабуни, гьейги чIвазе йиго»,-ян. Гьеб букIунареб жо бугилан абуна шамхаласулаз. Гьедин батани, шамхаласухъе жив инги букIунареб жо бугилан тIад вуссана имам.

Ярагъги гьечIого, гьезда дандчIвазе щай аравилан росуцояз гьикъидал, Шамилица абуна: «Ярагъ къваригIани, дица гьезухъа бахъизе букIана»,-ян.

* * *

Кавказалда вукIарав пачаясул сардар Евгений Головиница 1840 соналъул октябралда къасд гьабуна имамсулгун ракълилаб кьотIи-къай гьабизе. Имамас гьесул вакиласе жаваб кьуна: «Гьеб нужеца бицунеб жо битIараб батани, Хунзахъ, Зирани ва Миякьо нужеца рарал хъулби риххизе гьаре. Цинги нилъеца ре къел гьабиялъул хабар бицина»,-ян.

Гьелдаса хадуб Головиница хъвана: «Шамил чIаго вугебгIан мехалъ, мугIрузул халкъал Россиялъе мутIиг гьаризе кIвеялда нижер хьул лъоларо. Гьел, ахирияб чи хутIизегIан, нилъеда данде чIезе руго. Шамил гIадав нилъее хIинкьи цIикIкIарав тушман Кавказалда киданиги вукIинчIо. Исламалъул байбихьуда дунялалъул лъабил бутIа бусурбабазул хвалчаца бахъулеб мехалда (VII гIасруялда) букIараб гIадаб, диналъул рухIияб къуват буго гьесул хIукмабазулъги тIалъиялъулъги. Шамилида сверун ракIарун руго гьесул бокьараб амру тIубазе хIадурал гIадамал… Ни лъер бицун цебесеб масъала буго гьесул низам биххизаби»,-ян.

* * *

Имамас наиблъун толев чиясда абулаан: «Дица мун жидеда тIад толев вугев гIадамазул хIакъ сабаблъун, ТIадегIанав Аллагьасукьа хIинкъа. Дуца гьезда зулмуги гьабуге, зулмучагIазухъе гьел ккезеги тоге. Эмен лъимада гурхIулев гIадин, мун гьездаги гурхIа. Дуца гьезие хIукмуги ритIухъаб, битIараб кьотIе. Цояв гьудуллъиялъе гIоло аскIове гIагар гьавун, цогидал рокьукълъиялъ рикIкIад гьарун вукIунге. Мун херазе васлъун вукIа, кьерилазе вацлъун вукIа, гьитIиназе эменлъун вукIа, дурго валияталда дур цониги тушман вукIине бегьуларо. БатIияб къагIидаялъ дуца бетIерлъи гьабулеб бугони ва халкъалдаса ритIухълъи тIалаб гьабулеб гьечIони, дуда тIоцебе Аллагьасул цщим бахъине буго, хадуб дирги халкъалъулги цщим бахъине буго, цинги духъа щибниги гьабун бажаризе гьечIо»,-ян.

**(Хадусеб букIине буго)**

М. Дахадаев гьавуралдаса - 135 сон

# ХIинкъи бугев студент

**(Байбихьи 13-22 номеразда)**

Нахъеги рестораналъул рахъалдасан гIадамазул ахIи-хIур багъарана. Гьезда гьоркьове ккезе МахIачие цIакь бокьичIо. Гьес хиял гьабуна вихьиларедухъ къватI ккун эхеве ворчIизе, амма битI ккечIо. МахIачида кьотIносан данде рачIунезул лъабгояв вихьана. Гьел полиция лъул чиновникал рукIиналда щаклъизе бакI букIинчIо. КIиябго рахьалдасан къватI кьотIулеб бакI гьечIо. ТIад вуссани рестораналдаса рачIунезда дандчIвала, битIахъе ани, бацIил кIалдибе кьегIер гIадин гьезде кодове ккела.

МахIач гудраде ккана, амма кида гьеб къвакилебали лъаларо. КъватIалъул кIиябго рахьалда ругел рукъзал, тIаде регараб гIадин, кIетIолеб буго ракI. ВорчIиялда хьул букIинчIо. «Щай дун къисматалдаса хIинкъизе кколев. Пумро гIадада кьолеб гьечIо»-ян пикраби гьарулел рукIана гьес. Гьел секундазда, гьесда лъалеб букIана, полициясде гьабураб гъужум данде ккараблъи.

Амма МахIач вихьичIо. Гьес цIодорго берал рахьарахьалде речIчIизаруна.

-Гьенив чIа! РечIчIизе буго!-ян ахIулеб букIана гьесда хадуб полициялъулаз.

Жинде гьабураб ахIиялде кIварги кьечIого, данде цIан студентасул пальтогун, педегIичIого гьев квегIаб ра хъалда бутеб цо хъахIилаб кавудухъе вилъана. Каву рахан букIана, гьелда аскIоб кьотIнобехун цо микки гьветI бугоан. Махачил пикро хехго хIалтIана ва гьитIинаб заманаялъ росулъ киниги, пири гIадин хех тIаде ххарун ана.

-РечIчIулеб буго, кьуруге!-ян нахъеги хадур гьаркьал рагIулел рукIана. Гьездаса гьветI гIемер рикIкIад букIинчIо.

Педеде араб гьотIол цо гIаркьелалдасан, хIамил мугъ гIадаб кавудул цо тIохде вахана. ТалихI бихьуларищ гьенисанги хъуштIун, вортун ана. Гьесда хадуб гьотIода букIарабги тIохда букIарабги гIазу хъуштIун бачIана.

Марьинский театралда ккараб жо гьезда лъалеб букIинчIо. Амма полициял щаклъана гьев чи цо кинаб букIаниги такъсиралъул бетIер вукIиналда. ПедегIун кавудул кIалтIе щварал гьел, цоцахъ ралагьун хутIана, кивниги вихьулеб бакIалда чи вукIинчIо. Ракьалъ ккун арав гIадин цевеса тIагIана гьев.

Полициялъулазул щаклъи дагьабги цIикIкIана.

-Кивеха гьев арав? Цо гIала-гъважа букIинчIебани, ахIдолел нилъги тун гьев гьаниса цевеса тIагIинароан. Щиб гьабуниги, гьев валагьичIого бегьуларо,-ян гIедегIана кьурарал михъазул сержант.

Кавудул кIалтIа, гIазу гIемер мерхьун бугоан. Гьединлъидал лъалкIги цояб цоялдаса батIа бахъизе захIмат букIана.

Гьезул кIудияс кавуялда тIад чIвараб хьорщода фонарги речIчIизабун цIалана. Гьелда хъван букIана:

-Жанисел унтабазул доктор Колосов,-абун.

Гьез каву бухана, амма жанисан лъицаниги жаваб кьечIо. Рукъалъул кьотIнорехун ругел гордбазухъе щвана, гьенибги я канлъи гуро яги сас-махI гуро.

Цо тIалаялъул мина жанире лъугьине бигьаяб куцалда букIинчIо. Ах чIван гьабураб щулияб цIулал заборалъ гьеб лъикIго бахчун букIана. Гьединлъидал, гIедегIун гьеб бехизе кколеб букIана, батIияб рес хутIичIо. Амма лъилали лъалареб, жанив чи гьечIеб азбаралъуре лъугьине гьезие рекIее гIолеб букIинчIо.

- Воре цIодорго рукIа! дандияв гIадатияв чи ватиларо, гьесухъ ярагъ батизеги бегьула,-ян малъаризе лъугьана кIудияв, заборалда гьел тIадеълъараб мехалъ.

Биццатаб заборалъул хьарщи бекизе кIолеб букIинчIо. Гьез кIвараб хIаракат бахъана гьеб магIидаса борчIизабизе. Ахикьан азбаралъуреги лъугьун, тIолабго азбар хьирщана, амма щибго щакаб жо гьениб батичIо. Жидер берда цебесан чиясул лъалкI лъугIи гьезие рекIее гIечIо. Гьез нахъеги хал гьабуна рагьиялъул, рокьоре лъугьунел кIалтIабазул – кибниги лъалкI букIинчIо.

- Нилъеца гьотIол хал гьабичIо, дида ккана дов гьотIоде ххарулев вукIанилан,-ан абуна гьезул бицун гьитIинас.

**(Хадусеб букIине буго)**

**Ахихъан**
*Районалъул газета*
*№ 23 (7267)*
*12 Май 2017 сон*
*3 гьумер*



Мой вам совет: при любых обстоятельствах
Делайте вид, что на сердце покой.
Это ваш шанс избежать обязательства
Всем объяснять, что случилось с тобой!

Будьте приветливы, доброжелательны,
Стрессоустойчивы, в чем-то просты.
Много читайте, тогда обязательно
Речи и мысли не будут пусты.

# *Любимому прадеду посвящаю...*

(Выходец из нашего района стал призером первенства России по рукопашному бою)




Наши юные земляки не перестают радовать нас все новыми и новыми достижениями в учебе, науке, спорте и других сферах жизнедеятельности. Так, 13-летний Ислам Абдурахманов из селения Унцукуль Унцукульского района стал бронзовым призером самого престижного соревнования среди юниоров - Первенства России по рукопашному бою, который состоялся в городе Орел и длился три дня.

Как говорят представители общероссийской федерации рукопашного боя, такого количества молодых рукопашников в возрасте от 12 до 17 лет национальный турнир еще не видел. Своих спортсменов прислали сорок регионов страны. На поединки вышли 900 человек. Дагестан на Первенстве представляли пять бойцов, среди которых был и наш Ислам Абдурахманов.

Ислам живет и учится в городе Махачкала в гимназии №33. Несколько лет занимается рукопашным боем в спортивном клубе «Адаб» под руководством Алиева Зураба и Абдулаева Артура. Исламу удалось выиграть первые два боя, но, к сожалению, третий бой закончился в пользу соперника. И в четвертом бое - за третье место - Ислам вновь одержал уверенную победу. Как говорит сам юный спортсмен, он намерен и дальше заниматься этим видом спорта и не останавливаться на достигнутых успехах. «Я хочу посвятить эту бронзу своему любимому прадеду Ибрагиму Адуеву, который очень сильно болел за меня и которого мы все очень любим!», - говорит Ислам в нашем интервью.

Мы поздравляем юного земляка с успехом и желаем еще больших высот и достижений в спорте, жизни и учебе!

Асият МАГОМЕДОВА.

# Великая Отечественная война и мы

Война. Она унесла миллионы жизней, принесла горе, страдания, разрушения, боль, страх, смерть. В этом году наша страна отмечал 72-ю годовщину со Дня Победы в Великой Отечественной войне. Войне, которая навсегда останется в истории и в памяти всех россиян. Все, кто участвовал в военных событиях, защищал Родину ценой своей жизни, оперировал раненых, работал в тылу, голодая сам, все эти люди – герои. Большой вклад во всеобщее дело Победы внесли и дагестанцы, с первого дня войны собиравшиеся на многолюдные стихийные митинги, требуя немедленно отправить их на фронт. Горцы смело выражали свою готовность защитить Родину. 160 тысяч дагестанцев ушли на фронт. 70 тысяч из них пали на поле битвы.

Большими были потери и для нашего района. Из Унцукульского района на фронт отправились более 900 человек. Из них домой вернулись лишь 410. Свыше 500 воинов пропали без вести.

«Все для фронта! Все для победы!» - этот лозунг был главным для тех, кто остался в тылу. Женщины и подростки стали главной рабочей силой на трудовом поле. Унцукульцы собирали для фронта цветные металлы, сдали 200 мулов, 120 лошадей, огромное количество теплых носков и другой одежды. Население сдавало в фонд обороны деньги и ювелирные украшения.



В годы войны было собрано более 3 млн. для строительства танковой колонны им. имама Шамиля и эскадрильи самолетов им. Махача Дахадаева. В селах района были созданы истребительные батальоны для борьбы с диверсантами и для охраны государственных объектов. Ими были разгромлены 6 групп бандитов и захвачено 5 диверсантов. Принимали наши земляки в своих домах и эвакуированных из Украины мирных жителей. Несмотря на то, что с завершения войны прошло немало лет, никто не забыл героизм дедов и прадедов, подвиги, совершенные во имя мира и сохранения Родины, ради нашего с вами светлого будущего. В Унцукульской центральной библиотеке бережно хранится информация о земляках, участвовавших в битвах. Из Унцукуля на фронт ушли 216 человек, 135 из которых погибли, 81 вернулись на Родину. Гимры отправило на фронт 153 человека. 81 погибли, 72 вернулись. 149 араканцев участвовали в военных действиях. 65 погибли, 82 вернулись. Из Балахани ушли на фронт 122 человека, 70 из которых погибли. Ирганай потерял на войне 58 человек. Домой вернулись 35. Из 60ти ашильтинцев домой вернулись лишь 30. Цатанихцы также понесли потери: из 47 человек только 22 вернулись в родное село. Иштибури потеряло 32 из 41 отправленного на фронт солдата. Кахабросо отправило на фронт 40 человек, 28 из которых погибли. Майданск – 27 человек, 14 из них погибли. Из Харачи уехало 14 человек, а вернулось всего лишь трое… Как видим, ни одно селение нашего района не осталось в стороне в деле защиты нашей большой Родины. К сожалению, сегодня нет в живых ни одного участника Великой Отечественной Войны, отправившихся на фронт. Сегодня вновь и вновь хочется сказать всем тем, кто прошел через войну, спасибо. Спасибо за мирное небо над головой, спасибо за смелость и отвагу, спасибо за Победу!..

## Советы молодым

# Не тратьте время на ругань и гнев

* В отношениях вы получайте то же, что отдаете. Не надейтесь, что в ответ на капризы, обвинения и оскорбления вы получите улыбки, объятия и признания в любви. Если хотите понимания, постарайтесь понять сами. Все возвращается – это простая формула, которая работает во все времена.

* Не надо бороться за место в жизни человека. Насильно мил не будешь – многие забывают эту простую и очень мудрую истину. Никогда не пытайтесь отвоевать для себя пространство в жизни другого человека. Ведь вы не можете знать наверняка, нужно ли ему это.

* Над отношениями необходимо работать. Отношения не строится сами по себе. Они требуют активного участия обеих сторон. Искренность, взаимность и уважение – это те основы, без которых любые отношения рухнут.

* Нужно уметь прощать. Многие считают, что – это признак слабости. Но слова «я прощаю тебя» вовсе не означают «я слишком мягкий человек, по этому не могу обижаться, и ты и дальше можешь портить мою жизнь, я не скажу тебе ни единого слова». Они означают: «Я не позволю прошлому портить свою будущее и настоящее, поэтому прощаю тебя и отпускаю все обиды».

* Споры – это пустая трата времени. Чем меньше времени вы тратите на ругань с людьми, которые вас раздражают, тем больше времени у вас остается на общение с людьми, которых вы любите. Если же спор произошел между вами и близким человеком, держите себя в руках. Не давайте гневу овладеть вами, иначе можете произнести слова, за которые вам будет стыдно всю оставшуюся жизнь. Иногда крепкие отношения может разрушить одно неосторожное слово.

* Вы не можете изменить другого человека. Человек способен изменить лишь сам себя, но ни в коем случае кого-то другого. Поэтому вы должны научиться воспринимать близких и дорогих вам людей такими, какие они есть. Если же что-то в корне вас не устраиваете, будьте честны и скажите об этом прямо. Возможно тот, кого вы любите, захочет измениться ради вас.

* Отсутствие в вашей жизни некоторых людей может пойти лишь на пользу. Не бойтесь менять окружение. Нужно уметь менять окружение. Нужно уметь отпускать из своей жизни тех людей, которые вносят в нее дискомфорт.

**О. П. АНТОНЮК. Психолог**

Муфтий АхIмад-хIажил призалъе гIоло

# ХIалуцарал рукIана къецал



Бергьенлъиялъул праздникалда цересел къояз Балахьуни росулъ РДялъул муфтий АхIмад-хIажи ГIабдулаевасул призалъе гIоло республикаялъул торгIо хIаялъул къецал тIоритIана. Гьениб гIахьаллъи гьабуна батIи-батIияб муниципалитетаздаса I2 командаялъ. Гьел ккола Болъихъ, Лаваша, ГIахьвахъ, Буйнакск, Хасавюрт, Шамил ва цогидалги районаздаса.

ГIахьалчагIазе салам кьураб кIалъай гьабуна бетIерав судья А. МухIамадовас ва гьарана щибаб командаялъе лъикIал хIасилал. Тадбиралда гIахьаллъана АхIмад-хIажи ГIабдулаевги. Къецал халат рахъана лъабго къоялъ. Гьединго мажлисалда гIахьаллъана РДялъул физическияб культураялъул ва спорталъул министр М. МухIамадов, РДялъул диниял организациязулгун хIалтIи гьабиялъул Комитеталъул пред. М. ГIабдурахIманов, муфтиясул зам. И. Асадулаев, Унсоколо районалъул бетIер ГI. НурмухIамадов, территориалиял округазул вакилзаби, районазул имамал, диниял хIаракатчагIи. Данделъаразе шейх А. ГIабдулаевас бицана Аллагьасул нухалъул бицунел данделъабазул хиралъиялъул, исламалъул хIакъикъияб нухда чIеялъул ва тIарикъаталъул. «Нилъеца гIамал-хасият берцин гьабизе ккола, цоцаздехун ракI гурхIараллъун, ракI бацIцIадаллъун рукIине ккола, ТIадегIанасе бацIцIадго гIибадат гьабизе ккола, гьелдалъун сверухъ ругезе исламалъул бацIцIадаб нухалъул мисал бихьизабизе ккола. ХIажат буго нилъерго бацIцIадаб нухда рукIарал умумазул, Дагъистаналъул тарихалъулъ кIудияб бакI ккурал гIадамазул мисал босизе»,-ян бихьизабуна муфтияс. Гьединабго магIнаялъул кIалъай гьабуна М. ГIабдурахIмановасги.




Хадуб районалъул бетIерас ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабуна тIаде рачIаразе, ахIана рухIиябгун гIамал-хасияталъул рацIцIалъиялде, гIамал гIаданлъиялъулал ва диналъул къиматал качестваби цIунизе.

Къецазда тIоцебесеб бакI ккуна Шамил районалъул командаялъ, кIиабилеб бакI щвана Хунзахъ районалъе, лъабабилеб бакIалде бачIана Балахьуни росдал команда. Бергьаразе кьуна призал, кубокал, дипломал.

# МухIамадгIалиева ГIабидат ГIабдулаевна



Нагагьаб балагьалдалъун гьал къоязда нилъедаса ратIалъана МухIамадгIалиева ГIабидат ГIабдулаевна, гьелъул вас МухIамад ва вацасул хъизан Хадижат.

ГIабидат гьаюна I964 соналъ Унсоколо районалъул Унсоколо росулъ. I982 соналъ Унсоколо №1 гьоркьохъеб школа лъугIарай ГIабидатица тIаса бищана гIемерал соназ гьебго школалда мугIалимлъун хIалтIарай эбелалъул махщел ва цIализе лъугьана ДГПИялъул филологиялъул факультеталде.

I987 соналъ лъикIал къиматазда цIалиги лъугIизабун ГIабидат ГIабдулаевна тIад юссана гIагараб школалде мугIалимлъун. ХIалтIулъ ГIабидатица жийго йихьизаюна лъималазулъ хIеренай, хIалтIулъ камилайлъун. ТIолабго къуватги, жанги, гIумроги кьуна гIун бачIунеб гIелалъе тарбия-лъай кьеялъе гуребги, гьезулъ адабги, иманги, гIагараб ракьалде рокьиги куцаялъе.

Ахирисеб къоги ГIабидатица регIана лъималгун цадахъ рузман къоялъ АхIулгохIтIе зияраталъе сапарги бухьун, гьезулгун къо-мехлъикIлъиги гьабун.

Лъималазе гурейги цадахъ хIалтIулезеги ГIабидат йикIана кидаго мисаллъунги, насихIатчIужулъунги. Даимго гьединайлъун хутIила ГIабидат ГIабдулаевна гьей лъалезулги, тIолабго коллективалъулги ракIазулъ.

Унсоколо № 1 гьоркьохъеб школалъул коллективалъ гъваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго гьезул хъизанлъималазда ва тIолабго гIагарлъиялда. Аллагьас гьезие алжан насиб гьабеги, нахъе ругезе сабруги кьеги!

Берал чвахулаго, черх соролаго
Къабул гьабун тана чIегIераб хабар,
Унго, балагье цо гIумрудул ахир
Хирияб къоялъул бакъанигIужалъ.

Гьал хъахIилал зобал гIодулел руго
КьогIаб хабар босун чапар вачIиндал,
Рорхатал кьураби щущалел руго
Къо-лъикIилан абун нуж къанщун индал.

Иманги камилал, калам гьуинал
Нуж ками нижее захIмалъараб куц!
Чорхол дарман хвараб дару тIагIараб
МагIил тарих тана, нужеца росдай.

ЦIураб моцIрол гIадин гьумер бахьинал
Гьарун бичас кьурал кьер-гьан бацIцIадал,
Кьерилазда гьоркьор жавгьар гIадинал
ХIабибасул асар ургьиб бессарал.

Берал сундусилал, сурат камилал
Каранзулги рохел росдалго чIухIи,
Какил баракаталъ гвангъарал гьурмал
Хиралъун рижарал чамасдакул гъветI.

Иманияб нуралъ гвангъарал лугби
Аллагь рехсеялде пасихIлъараб мацI,
Гьурмада нур балел берцинал берал
ХIурулгIинзабазе гьимила гьанже.

ГIамал берцинлъиялъ бицаде ккурал
Калам гьуинлъиялъ лъийго рокьулел,
Рихьизелъун кьурал чагIи рукIана
Гьанир толареллъи лъалеб букIана.

Урхъараб гьимигун, гьуинаб мацIгун
ЦIвалъун кунчIула нуж кидаго цере,
Кинабго рахъалъан багьана гьечIел
ГьаричIо улбуца, нуж гIадал чагIи.

Рузман къоялъул бакъанигIужалъ
Нужей бигъун ккараб доб нухлул свери,
Лъадай биял тIураб доб авлахъалда
Меседил цIар хъван те ракIалда чIезе.

Гьаб пасатаб дунял, нужей лъикI гурин
Шагьидзабазухъан чапарищ щварав,
Дир агьлу нуж гурин, дида рекъечIин
Дунял зигардунищ, нуж гIедегIарал.

ГIащикъаб кIалалъул мацI къотIулелъул
Лъиде гьабун тараб ахир аманат?
Гьал берцинал берал къанщулел мехалъ
Лъида тIад къан тарал, анир хутIарал.

Нужер хасият рехсон, сипатал рицун
Сардал рорчIаниги чIалгIунеб гьечIо,
Рукъ-рукъалъул мокърукь жавгьар баниги
Жанисан нур ана гьанже росулъа.

Абадияб рокъор нужги тIоритIун
Паналъун хутIана тIолабго росу,
Нужехъ гIащикъ рукIарал улбулгун яц-вац
Зигардулел руго зонохъ балагьун.

Къо-мех лъикI хириял, нухал ритIаги
Киналго лъикIлъаби ахираталда!
Щиб гьабилеб гьанже гьечIелъул сабаб
Сабру кьеги нилъей, ТIадегIанасес!

Гьанже гIодой русса, ракI бухIанщинал
Къаникь нилъ урхъараб бачIанин заман,
КIваричIин дуниял, гьабе цо хIисаб
Нилъги руссунеб бакI, добгойин бугеб.

МагIу тIагIинегIан тIад гIоданиги
Азалияб хIукму нахъ буссинаро,
Кинабго ихтияр БетIергьанасухъ
ФальхIукмулиллагьи гIалийил кабир.

***№ 1 УСОШалъул коллектив***

Районалъул лъай кьеялъул управлениялъул тIолалго хIалтIухъабаз гъваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго цадахъ хIалтIулев ГIабдурахIманов МухIамадхIажида ва тIолабго гIагарлъиялда гьесул вацасул вас **МухIамад**, вацасул хъизан **ГIабидат**, гьелъул вацасул хъизан **Хадижат** нагагьаб балагьалдалъун къадаралде щвеялда бан.


| | | | |
|---|---|---|---|
| Газета основана 1937 г.<br><br>УЧРЕДИТЕЛЬ:<br>Администрация<br>Унцукульского района<br><br>Главный редактор<br><br>КЕБЕДМАГОМЕДОВА<br>САНИЯТ<br>КЕБЕДМАГОМЕДОВНА | Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД<br><br>Регистр. Пи № ТУ05-00284 от 20 марта 2014 г.<br><br>Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются. | Адрес редакции:<br>51373<br>Унцукульский район<br>п. Шамилькала<br>ул. М. Дахадаева 3<br>Телефон редактора<br>89896522856<br>sadovoduns@yandex.ru<br>398940 | Адрес издателя и типографии<br>г. Махачкала<br>«Дом печати» ул. Акушинского 21<br><br>Подписано в печать -11 .5. 17 г. 15.20<br>фактически -16.30 мин.<br>.......................................<br>Газета выходит 52 раз в год<br>на аварском и русском языках<br>Тираж - 1000 экз. |